# КӨКӨЗЕК БОЛЫСЛЫҒЫНЫҢ ХАЛЫҚ СУДЫ АРЗЫМБЕТ ҚАЗЫ ИСКЕРЛИГИ ҲАҚҚЫНДА

**Опаев Баймурат Абдрешитович** – *үлкен илимий хызметкер*
Opaevb@list.ru
*Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*
*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты*

# О ДЕЯТЕЛЬНОСТИ НАРОДНОМ СУДЕ КУКУЗЯКСКОЙ ВОЛОСТИ АРЗЫМБЕТ КАЗИ

**Опаев Баймурат Абдрешитович** – *старший научный сотрудник*
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук*
*Каракалпакского отделения Академии наук Узбекистана*

# ON THE ACTIVITIES OF ARZYMBET KAZY, THE PEOPLE'S JUDGE OF THE KUKUZYAK VOLOST

**Baymurat Abdreshitovich Opaev** – *Senior Researcher*
*Karakalpak Research Institute for the Humanities of the Karakalpak Branch of the Uzbekistan Academy of Sciences*

**Таянч сўзлар:** Арзимбет қози, Кўкўзак волости, халқ суди, XIX аср, XX аср боши, мустамлака даври, адолат, бошқарув, анъанавий суд, Амударё бўлими, Чимбой участкаси.

**Резюме.** Ушбу мақолада XIX аср охири XX аср бошларида Кўкўзак волостида хизмат қилган машҳур халқ суди Арзимбет қозининг ҳаёт йўли ва ижтимоий-иқтисодий соҳадаги бажарган ишлари ҳақида баён этилган. Арзимбет қозининг қозилик фаолияти, халқининг турмушини яхшилашга қаратилган ишлари ҳақида маълумотлар келтирилган.

**Ключевые слова:** Арзымбет казы, Кокозекская волость, народный суд, XIX век, начало XX века, колониальный период, справедливость, управление, традиционный суд, Амударьинский отдел, Чимбайский участок.

**Резюме.** В данной статье повествуется о жизненном пути и деятельности в социально-экономической сфере известного народного судьи Арзымбета казы, служившего в Кокозекской волости в конце XIX - начале XX веков. Приводятся сведения о судебной деятельности Арзымбета казы и его усилиях, направленных на улучшение жизни своего народа.

**Key words:** Arzymbet Qazy, Kukuzyak volost, people’s court, 19th century, early 20th century, colonial period, justice, governance, traditional court, Amudarya division, Chimbay district.

**Summary.** This article chronicles the life and socioeconomic activities of the renowned people's judge Arzymbet Qazi, who served in the Kukuzyak volost in the late 19th and early 20th centuries. It provides information on the judicial activities of Arzymbet Qazi and his efforts to improve the lives of his people.

**Кирисиў.** XIX әсирдиң ақыры менен XX әсирдиң басы – Төменги Әмиўдәрья бойының жәмийетинде сиясий, социаллық-экономикалық ҳәм ҳуқықый системалардың қурамалы өзгерислерге ушыраған дәўири. Россия империясының колониаллық сиясатының күшейиўи, жергиликли халықтың басқарыў системасындағы өзгерислер, соның ишинде дәстүрий бийлер менен қазылардың ролине тәсир етиўи усы ўақыттағы тарийхый процесслердиң айрықша сыпатларын айқынлайды. Бул дәўирде Қарақалпақстанның түрли аймақларында халықтың шариат ҳәм үрп-әдет ҳуқықына тийкарланған суд системалары өз хызметин даўам еттиргени менен, олардың жумыс ислеў хызмети ҳәм ўәкилликлеринде сезилерли өзгерислер жүз берди.

Усы тарийхый жағдайда Көкөзек болыслығы аймағында белгили бир дәрежеде тәсир еткен тулғалардың бири – Арзымбет қазы. Оның хызмети – сол дәўирде Әмиўдәрья бөлиминдеги дәстүрий суд системасының жағдайын, оның империялық ҳәкимшилик пенен өз ара ҳәрекетин үйрениў ушын әҳмийетли объект болып табылады. Арзымбет қазының суд әмелияты, оның ҳүкимлери менен шешимлери, сондай-ақ оның халық арасындағы абырайы ҳаққындағы дереклер, сол ўақыттағы ҳуқықый сана менен социаллық қатнасықлар системасын түсиниў ушын бахалы мағлыўмат дереклери сыпатында қаралады. Бул мақалада Арзымбет қазының Қазақстанның колониаллық дәўирдеги суд системасындағы орны, оның хызметиниң өзгешеликлери ҳәм тарийхый әҳмийети илимий жақтан қарап шығылады.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методологиясы.** Усы мақаланың дерек ҳәм илимий тийкарларын анықлаў ушын, биз кең көлемли илимий ҳәм тарийхый дереклерге мүрәжат етемиз. Биринщиден, “Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем” (2003) атлы китап, Қарақалпақстан тарийхының кейинги еки әсирине байланыслы кең анализди усынады. Бул мийнеттиң тийкарғы дерек базасы, аймақтың социал-экономикалық, сиясий ҳәм мәдений турмысындағы өзгерислерди толық баян етеди [1].

Тарийхшы Р.Қосбергенов тәрепинен жазылған “Қаракалпақ халқының колониаль дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы” (1970) китабы, колониал дәўирде қарақалпақ халқының турмыс-көринисин, сол тийкарда әдиллик уйымы болған болыслықлар ҳәм ондай уйымлардың жумысларын терең изертлеўге хызмет етеди [2].

“Қорақалпоғистон Республикаси судлари: тарих ва бугун” (2024) атамасындағы китап Қарақалпақстан Республикасында суд системасының көп жыллық тарийхын қамтып алған. Бул дерек, модернизацияланған суд системасының қәлиплесиўине шекем болған жағдайды, соның ишинде әдиллик принциплериниң шариат ҳәм әдет тийкарында жумыс ислеген уйымлары ҳәм олардың кейинги суд ҳәкимиятының қәлиплесиўине тийкар болғанлығын анализлеўде қымбатлы дерек есапланады [3].

Соның менен бирге, автордың 2024-жылдағы дала жазыўларында Арзымбет қазының ҳәзирги күндеги урпақлары тийкарғы информаторлары есапланады. Жығагүл Абатова [4] ҳәм Дилбархан Балтабаевадан [5] алынған мағлыўматлар, қазының шежиреси ҳәм өмир жолының көринисин ашады.

Академик С.Камаловтың “Қайыр-сақаўатлылық ҳаққында” (1994) атамасындағы газета мақаласы, сол дәўирдеги социаллық мәселелерди, халықтың турмыс шараятларын ҳәм әдиллик уйымларының бундай мәселелерди шешиўдеги орнын айқынлап береди [6]. Ғ.Хожаниязов ҳәм Н.Өсербаевлардың “Қараөзек жылнамасы” [6] ҳәм А.Абдиев, А.Реймовлардың “Тахтакөпир тәрийпи” [8] атлы мийнетлери, аймақлық тарийхтың тереңлестирилген изертлениўине, жергиликли басқарыў системаларының жумысына айрықша итибар каратыўға имканият береди.

**Нәтийжелер.** 1873-жылы Россия империясы тәрепинен Хийўа ханлығы басып алынғаннан кейин, усы жылдың 12-августында Гендимиан питими дүзилди. Оның шәртлерине муўапық, Әмиўдәрьяның оң жағалаўындағы жерлер Россия империясы қарамағына өтти ҳәм бул аймақта Түркстан генерал-губернаторлығының қурамында Әмиўдәрья бөлими дүзилди. Әмиўдәрья бөлими еки участкаға: Шорахан ҳәм Шымбай участкаларына бөлинген. Шымбай участкасы қурамында 12 болыслық – Нөкис, Шымбай, Кегейли, Көкөзек, Бесжап, Есим, Дәўқара, Көккөл, Нәўпир, Таллық, Қоңырат, Жаңабазар, ал Шорахан участкасы қурамында болса 7 болыслық – Шорахан, Төрткүл, Шайх-Аббас-Ўәлий, Бийбазар, Мыңбулақ, Тамды, Сарыбий болыслықлары бар еди [1:54].

Әмиўдәрья бөлиминде суд ислери қазылардың қарамағында болды. Бирақ, бурынғыдай ҳәр бир бийликтиң қарамағында бир қазыдан емес, орайластырылды. Мәселен, Әмиўдәрья бөлиминиң Шымбай участкасы 1876-жылғы сайлаўдан соң 5 суд участкасына бөлинди: 1-участка – Нөкис болыслығы, 2-участка – Дәўқара болыслығы, 3-участка – Қоңырат ҳәм Таллық болыслықлары, 4-участка – Кегейли ҳәм Нәўпир болыслықлары, 5-участка – Шымбай, Есим ҳәм Көккөл болыслықларынан ибарат. Бул участкалардың ҳәр биринде қазылар жумыс алып барды. Қазылар да болыс, ақсақаллар сыяқлы, болыс сайлаў съездинде үш жыл мүддетке халық тәрепинен «сайланып» қойылды. Халық «сайлап» қойғанлығы ушын, жергиликли халықтан шыққанлығы себепли, әсиресе өзлериниң жумысына демократиялық көринис бериў ушын Әмиўдәрья бөлиминиң администрациясы буларды халық суды деп те атаған. Ҳақыйқатында, булардың дерлик ҳәммеси Хийўада медресе питкерген ахун-қазылар болған [2:14].

1886-жылдағы мағлыўматларға қарағанда Көкөзек болысында Хожамурат Нурбаев қазылық еткен [3:33]. Бизиң болжаўымыз бойынша оннан кейин Көкөзек болысына Арзымбет қазы Өтеген улы қазылыққа сайланған. Оның урпақларының айтыўына қарағанда ол 27 жыл қазылық еткен [4].

Қарақалпақ халқының дәстүрли суд системасында бийлер ҳәм қазылар әҳмийетли роль атқарған. Олар әдилликти сақлаўшы, жәмийетлик тәртипти беккемлеўши сыпатында халықтың ҳүрметине ийе болды. XIX әсирдиң ақыры – XX әсирдиң басларында Көкөзек болыслығында хызмет еткен Арзымбет қазы – усындай тулғалардың бири.

Арзымбет қазының өмирбаяны ҳәм қазылық хызмети ҳаққында толық мағлыўматлар еле жетерли дәрежеде изертленбеген. Деген менен, аўызеки дереклерде ҳәм айырым газета мақалаларында, китапларда оның аты менен байланыслы ўақыялар ушырасады.

**Тийкарғы бөлим.** Арзымбет қазының ҳүкимлери, бәринен бурын шәрият нызамларына тийкарланған. Ол жер даўы, мал даўы, неке ҳәм шаңараққа байланыслы мәселелерди қарап, шешип отырған. Оның абырайы соншелли, айырым сиясий жағдайларда оның шешимлери менен есапласқаны көринеди. Бул ҳаққында академик Сабыр Камаловтың 1994-жыл «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған «Қайыр-сақаўатлылық ҳаққында» атамасындағы мақаласында оның қазылық хызмети ҳаққында айырым мағлыўматлар бериледи [6, 4].

Усы мақалада айтылыўына қарағанда Нөкис қаласында жасаўшы Меңлимурат Бектурсын улы 1945-жылы жас өспирим ўақтында Арзымбет қазыдан «Ақ қапшық» дәўири, яғный ашаршылық ҳаққындағы гүрриңди еситеди. Көкөзек болысының бурынғы қазысы былай деп баян етеди: «Буннан шама менен 34-35 жыл бурын ашаршылық болып, егин егилмей, егилгени болса писпей қалды. Халық ашаршылыққа ушырады. Көп инсанлар жоқарыға талап ислеўге кете баслады. Ал узақ жерлерге барыўға ҳалы жетпегенлер бала-шағасы менен туўысқанларын излеп, ел аралады. Бийдай, арпа сыяқлы дәнли егинлердиң писиўине үш-төрт ай ўақыт бар еди. Бундай жағдайда халықтың өлиўден басқа илажы қалмады. Усындай аўыр дәўирде Шымбай базарында Қалмурат бай: «Ҳәй, халайық! Кимде-ким аштан өлгиси келмесе, ҳәр бир хожалық ийеси өз бийи ямаса қазысының мөри басылған рәсмий қағазын алып келсин, мен оған ғәлле беремен!» – деп жар салды.

Мен базардан қайтып келгенимнен соң, Көкөзек болысының халқы Шымбайдағы Қалмурат байдың дәнханасынан дән алыў ушын меннен ҳүжжет алыўға келе баслады. Нәтийжеде, мениң қарамағымда болған 300-400 шамасындағы хожалық ашлықтан аман қалып, егинлери пискенге дейин аман жетип алды. Бирақ, дәнди қарызға алған жүзден аслам хожалық оны қайтара алмай, қарыздар болып қалды.

– Ҳәр ҳәптеде бир күн Шымбайдағы Бекбаўлы қазының алдына жыйналып, жер-суў даўларын, жесирлерге байланыслы ислерди шешемиз. Бурынлары Қалмурат байға соқпай Шымбайдан кетпес едим. Бирақ, қарыздарларымның кесиринен соңғы айларда оннан тартынып, қашып жүрдим. Бул қарыздан мениң басымдағы шашым теңге болғанда да қутыла алмайман! – деп налыды Арзымбет қазы. Бирақ, кейин Халмурат бай қазының өзи келип, үйине қонаққа шақырып бул қарызлардан кешип жибергенин айтқан [6, 4].

Арзымбет қазы Көкөзек болысының қазысы болса да Шымбайдағы қазы үйинде отырып, даўлы мәселелерди қараған. Қазылардың қарарынан наразы болғанлар қазылар съездине шағым еткен. Жоқарыда қазының өзи айтқанындай Бекбаўлы қазының алдында ҳәптеде бир күн жыйналыўының себеби, бизиң

пикиримизше усы қазылар съездиниң мәселеси бойынша топланған болса керек.

Ҳәзирги күнде Қарақалпақстан Республикасы, Қараөзек районы, «Қарабуға» ауылында Арзымбет қазының (урыўы ырғақлы) урпақлары жасайды. Олардың айтыўы бойынша қазының шежиреси төмендегише:

Жебегенниң баласы Өтеген, Өтегенниң баласы Арзымбет, Арзымбеттиң баласы Балтабай, Балтабайдың баласы Қосыбай болған.

Өтеген улы Арзымбет қазы (1860-1947) ҳәм оның өмирлик жолдасы Жанназар қызы Улбийке – урыўы қыят (1890-1956), баласы Балтабай (1927-1998) ҳәм де оның өмирлик жолдасы Дилен қызы Ҳәмире (1928-2004) – урыўы қуйын. Арзымбет қазының ақлығы Балтабай улы Қосыбай (1945-2018). Қараөзек районы Калинин АПЖда жайласқан "Шытлы Баба" қойымшылығына жерленген.

Айтыўларға қарағанда, Арзымбет қазының әкеси Өтеген бийперзент болып, балалары шетинен шетнеп қала берген. Өтеген басына түскен аўыр қайғыдан есин жыя алмай жүргенде, бир жасы үлкен адам: «Енди сизлер ел жаңалаң», – деп мәсләҳәт берипти. Атасы жалғыз атына бар мүлкин артып, ҳаялын ертип, қубла тәрепке жолға шығыпты. Бир қанша аралықты басқаннан соң, атлары шаршаған жерге дем алыў ушын тоқтапты. Бул жер «Султан Уайис», яғный Султан баба деп аталып, олар усы жерде қалыўға қарар етипти.

Бир күни жолдан өтип баратырған бир неше ҳалдан тайған шайықлар сол аймаққа келип тоқтайды. Олар Өтегенниң үйинде қонақ болады ҳәм оның ул перзент көретуғынын болжайды. Расында да ул перзент көрип атын Арзымбет қояды. Арзымбет балалығынан тойларда гүреске түсип палўан болады [4].

Ер жеткеннен кейин медреседе оқыған. Медресени питкергеннен кейин Арзымбет Қарабуғаның бийи Султан бийдин сынағынан өтип, елге қазы болған [7:315]. Арзымбет қазы үйленип, ҳаялынан перзент көрмегеннен соң ҳаялының руқсаты менен екинши рет үйленген. Екинши ҳаялынан еки қыз (Дәмеш пенен Райхан), бир ул (Балтабай) көрген.

Совет ҳүкимети орнағаннан кейин Арзымбет қазы қуўдалаўға ушырап, еки жыл жер төледен шықпай жасырынып жүрген. Кейин «Қара ағаш» деген жерге көшип кеткен. Баласы Балтабай 15 жасынан колхозда табельщик болды. Оны Шымбайда Дилен қуйын дегенниң қызы Ҳәмире дегенге үйлендирген. Балтабай 5 ул (Қосыбай, Аманбай, Әдилбай, Мақсетбай, Муратбай) ҳәм 4 қыз (Айымхан, Гүлимхан, Алмахан, Жүзимгүл) перзентли болған [5]. Б.Арзымбетов 1957-жылы совхозда жумысшы, бригада баслығы (1959-1979), бөлим басқарыўшысы (1979-1981), Қарабуға ауыллық кеңесиниң баслығы (1981-1986) лаўазымларында хызмет ислеген [7:315].

Арзымбет қазының судтағы хызмети ҳаққында мағлыўматлар аз. Ол ҳаққында мағлыўматлар басқа себеплерге байланыслы тилге алынады. Бул мағлыўматларда аңыз тәризинде болып анық тарийхый факт деп айтыўға болмайды. Усындай аңызлардың биринде ол ҳаққында былай делинеди: Келеси жылдың бәҳәринде Тахтакөпирде Арзымбет қазы, Хожамет болыс, Аманбай болыс басшылығында «Маўдың асы бериледи» деген хабар тарқалады. Ири ат шабарға Қызыл Орда, Қазалыдан сейислер келеди. Байраққа ири қара қойылады. Лепес сейис ҳәм Әбдикамал Тарлан атын алып келеди. Басқалар оған «Тарланды бәйгиге қоспа» деп мәсләҳәт береди. Лепес сейис Арзымбет қазының шешимине қалдырады. Арзымбет қазы: «Тарланның төрт туяғы аман болса, қумда батпайды, таста сүринбейди. Атың саз болсын, бәйгиге қоса бер», – деп пәтия береди.

Сол шабыста Тарлан биринши болып сызықты кесип өтеди. Жеңимпазлықтан Лепес сейис, Әбдикамал, Арзымбет қазы қуўанышқа бөленеди. Алған байрағын бийлерге бөлип берип, «Қарабуға» аўылына абырай менен қайтады [8:606-607].

XIX әсирдиң ақыры менен XX әсирдиң басларындағы Көкөзек болыслығындағы Арзымбет қазының суд хызмети – шариат ҳуқықы менен империялық нызамшылықтың өз ара тәсирлескен қурамалы процесслериниң айқын бир көриниси болып табылады. Арзымбет қазының хызмети сол дәўирдеги қарақалпақ жәмийетинде әдиллик излеўдиң, дәстүрий қәдириятларды сақлаўға деген умтылыстың көриниси еди. Оның ҳүкимлери, ең дәслеп, шариат тийкарында қәлиплесип, бул – дәстүрий суд системасының тийкарғы принципи сыпатында тән алынған.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтқанда, Арзымбет қазы сыяқлы тулғалардың хызмети патша ҳәкимшилиги тәрепинен толық қоллап-қуўатланбаса да, олардың халық арасындағы абырайы менен тәсири жергиликли дәрежедеги суд ислерин шешиўде үлкен роль атқарды. Патша ҳәкимшилигиниң жергиликли басқарыў системасына тәсири менен оның қарақалпақ жәмийетиниң дәстүрий структураларына тийгизген тәсирин талқылай отырып, бийлер менен қазылардың ролиниң қаншелли әҳмийетли болғанын атап өтиў керек.

Деген менен, Арзымбет қазының суд мийрасын толық үйрениў, тийисли архив материалларын тереңирек излеўди ҳәм оларға анализ жасаўды талап етеди. Бул, әсиресе, қарақалпақ халқының дәстүрий ҳуқықый мәденияты менен социаллық-сиясий тарийхын изертлеў ушын әҳмийетли болып есапланады.

**Әдебиятлар**


1. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2003.
2. Қосбергенов Қ. Қаракалпақ халқының колониал дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1970.
3. Қорақалпоғистон Республикаси судлари: тарих ва бугун. Коллектив монография. – Тошкент: «AZMIR NASHR PRINT», 2024.
4. Опаев Б. Дала жазыўлары, Қараөзек районы А.Досназаров АПЖ, 2025. Информатор Жығагүл Абатова.
5. Опаев Б. Дала жазыўлары, Нөкис қаласы, 2025. Информатор Дилбархан Балтабаева.
6. Камалов С. Қайыр-сақаўатлылық ҳаққында. – Нөкис: / Еркин Қарақалпақстан. 08.01.1994. №5-6. 4-б.
7. Хожаниязов Ғ., Өсербаев Н. Қараөзек жылнамасы. – Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2014.
8. Абдиев А. Реймов А. Тахтакөпир тәрийпи. – Ташкент: «Turon-iqbol», 2019.